

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Dina kahirupan sapopoé, manusa moal leupas dina basa minangka pakakas sapopoé. Basa mangrupikeun idéntitas anu dipimilik jeung pangbéda antara hiji bangsa jeung bangsa séjénna. Ngaliwatan basa manusa bisa ngébréhkeun jeung nepikeun hiji hal saperti caritaan atawa obrolan. Hiji hal anu dimaksud ku panyatur nyaéta sangkan bisa dipikaharti ku pamiarsa atawa lawan ngomong ngaliwatan basa anu ditepikeun. Nurutkeun Sudaryat (2014, kc. 14) basa mangrupa sistem lambang sora nu dihasilkeun ku pakakas ucap manusa kalawan puguh

éntép (sistematis) tur ragem (konvensional) antara anggota masarakatna pikeun tujuan patali marga atawa komunikasi.

Ku mekarna téhnologi jeung éksisténsi média sosial, prosés komunikasi manusa jadi leuwih lega ambahana, ieu hal jadi salasahiji nu mangaruhan manusa ngahasilkeun ragam basa. Ieu hal saluyu yén lobana pungsi basa jeung interaksi sosial dilakukeun ku manusa pikeun jadi alesan ayana ragam basa (Chaer & Agustina, 2010, kc. 62).

Sabab ku babarina aksés média sosial sarta lobana informasi anu bisa kapanggih. Numutkeun *We Are Social*, pamaké média sosial aktif di Indonesia aya 167 juta jalma di taun 2023. Ieu hal nuduhkeun yén masarakat Indonesia remen jeung resep ngagunakeun média sosial. Média sosial ogé nyaéta média nu aya di internet nu digunakeun pikeun ngawanohkeun diri, kolaborasi, interaksi, komunikasi, jeung silih ngabagi jeung pamaké média sosial lainna pikeun ngawangun hubungan sosial sacara *virtual*. Faktor anu mangaruhan kana komunikasi aya dua, nyaéta faktor situasi jeung faktor sosial. Faktor situasi mangaruhan panyatur dina milih kecap, sedengkeun faktor sosial nangtukeun basa nu rék dipaké (Suhendar, 2016, kc. 54).

Salasahiji média sosial nu remen dipaké jeung loba pamakéna nyaéta *youtube*. *Youtube* nyaéta média sosial nu mintonkeun sagala jinis vidéo jeung miboga loba katégori saperti kontén masak, vlog, hiburan, jsb. Numutkeun data dina *Business of*

Risma Dayanti, 2023

RAGAM BASA SUNDA DINA ÉPISODE “ADIK KAKAK YANG LIEUR” DI CHANNEL YOUTUBE FIKSI AUNUROFIK

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Apps, jumlah pamaké aktif aplikasi *youtube* di Indonésia aya 139 juta jalma. Kontén dina *youtube* mangrupikeun informasi nu dipintonkeun dina wangun vidéo, di mana dina vidéo aya pesen nu ditepikeun ku pamaké akun *youtube* nu disebut *youtuber*. Ku kituna média *youtube* leuwih remen dipikaresep ku masarakat hususna generasi remaja.

Ku lobana pamaké aplikasi *youtube*, ieu hal nuduhkeun yén *youtube* miboga pangaruh di sabudeureun masarakat. Salasahijina nyaéta *youtuber* nu nyieun kontén-kontén vidéo *youtube* nu make basa-basa daérah di Indonesia. saperti Bayu Skak nu maké basa Jawa, Arif Muhammad (Mak Beti) nu make basa Batak Karo, jeung Fiksi Aunnurofik nu make basa Sunda. Para *youtuber* ieu miboga tujuan nu sarua, nyaéta pikeun ngawanohkeun jeung ngamumulé basa-basa daérahna sorangan ka masarakat umum atawa masarakat luar daérahna.

Fiksi Aunnurofik mangrupikeun kontén kréator *youtube* nu nyieun kontén-kontén *youtube* ngagunakeun basa Sunda. Fiksi miboga tujuan pikeun ngawanohkeun jeung ngamumulé basa Sunda. Fiksi atawa sok dipanggil Mang Dana atawa Opik, geus jadi kontén kréator ti taun 2014, saméméhna fokus dina widang fotografi, tuluy ka widang vidéografi di taun 2016 nyaéta nyieun akun *channel youtube* Fiksi. Fiksi ogé boga loba lakon dina nyieun kontén-konténna, saperti jadi panulis naskah, sutradara, palakon, jeung éditor vidéo. Durasi rata-rata vidéona sapuluh nepi ka lima belas menit. Konsisténsina dina nyieun kontén *youtube* basa Sunda ti taun 2016 nepi ka taun 2023, Fiksi boga 1,29 juta *subscriber*. Vidéo nu geus diapungkeun aya 92 vidéo sitkom/vlog, 36 projék video klip, 24 video klip lagu, jeung 81 *short video*. Unggal vidéo anu diapungkeun, rata-rata boga pamiarsa puluhan rébu nepi ka paling gedé 2,3 juta *views*.

Eusi vidéo dina akun *channel youtube* Fiksi ngeunaan skétsa kahirupan sapopoé urang Sunda, biasana mangrupa sitkom (situasi komédi) atawa kabiasaan jeung budaya urang Sunda. Kontén-kontén dina *channel youtube* Fiksi ogé dibungkus ku konsép nu teu ngabosenkeun jeung teu katinggalan jaman sangkan leuwih kaharti dina nepikeun pesen jeung harti unggal kontén saluyu jeung kondisi remaja di Jawa Barat. Sacara teu

langsung ogé mangaruhan dina sagala hal, salasihijina nyaéta basa Sunda anu digunakeun dina *channel youtube* Fiksi.

Dina hirup-huripna, basa miboga ragam, salasihijina nu aya dina basa Sunda. Ragam basa mangrupikeun istilah nu digunakeun pikeun nuduhkeun salasihiji tina sababaraha ragam nu aya dina pamaké basa, sedengkeun éta variasi muncul sabab kabutuhan panyatur kana ayana alat komunikasi nu saluyu jeung situasi dina kontéks sosial.

Ngagunakeun basa dina média sosial patali jeung ragam basa nu diklasifikasikeun dumasar ma'na jeung wangun. Ayana média sosial bisa ngababarikeun dina interaksi sacara *virtual*. Basa Sunda dina média sosial tangtu mangaruhan éksisténsi basa daérah (Widyastuti & Yusuf, 2019, kc. 220).

Ragam basa bisa muncul sacara tinulis jeung lisan. Di wangun lisan, bisa kapaluruh aya basa lisan dina wangun omongan. Ayana ragam basa dina omongan kapaluruh dina kontén *channel youtube* Fiksi hususna dina episode Adik Kakak Yang Lieur Episode 1-6, Adik Kakak Yang Lieur Spesial Ramadhan, jeung Adik Kakak Yang Lieur Episode Terbaru. *Viewers* dina episode Adik Kakak Yang Lieur ieu rata-rata 300 rebu nepi ka 2,3 juta pamiarsa. Pamiarsa nu lalajo dina ieu kontén muncul lantaran Fiksi salaku panyatur sok ngagunakeun basa Sunda dina pagunemanana, sarta munculna ragam basa dina kontén *channel youtube* Fiksi bisa mangaruhan basa nu aya di masarakat hususna masarakat Jawa Barat nu geus apal jeung lalajo vidéo dina *channel youtube* Fiksi. Ieu hal bakal leuwih nambahan pangaweruh basa di masarakat saperti kosa kecap sarta pamakéan basa Sunda nu merenah tur bener. Lantaran masarakat sok leuwih remen jeung resep ngagunakeun basa atawa kosa kecap anyar nu sering diucapkeun ku para *youtuber*, saperti basa Inggris, basa *slang* atawa basa gaul, basa daérah lain, jsb. *Youtuber* Fiksi ogé ngagunakeun basa Sunda anu ragam sangkan masarakat nu lalajo konténna bisa leuwih resep jeung reueus ngagunakeun basa Sunda sarta ngilu ngamumulé basa Sunda.

Panalungtikan ngeunaan ragam basa geus loba dilaksanakeun jeung lain hal anu anyar. Panalungtikan ngeunaan ragam basa geus kungsi aya nu medar, di antarana aya

“Ragam Basa Sociolék dina Kontén Ngobat #140 Channel youtube Budi Dalton Ngobat Official” ku Hariyanthi (2022) nu medar ngeunaan ragam basa dumasar panyatur, wangun kecap jeung kalimah, sarta sipat kaformalan. Aya ogé panalungtikan “Ragam Basa dina Acara Sampurasun Balaréa Di AKTV (Tilikan Sociolinguistik)” ku Khoirunnisa (2019) ngeunaan wanda ragam basa panyatur, ragam basa dumasar sipat kaformalan, jeung pungsi ragam basa panyatur jeung pamiarsa. Dumasar kana panalungtikan saacanna, najan sarua medar ngeunaan ragam basa, panalungtik nalungtik ngeunaan wanda ragam basa panyatur, kaformalan, jeung wanda kecap.

Nilik kana anu geus ditalungtik saméméhna, réa mangpaat anu bisa dicangking ku pamaca. Ieu panalungtikan bakal ngulik ngeunaan wanda ragam basa dumasar panyatur, sipat kaformalan, jeung wangun kecap ragam basa. Ku kituna, ieu panalungtikan nu judulna “Ragam Basa Sunda dina Épisode ‘Adik Kakak Yang Lieur’ di Channel Youtube Fiksi Aunurofik (Ulukan Sociolinguistik) dilaksanakeun.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Legana pasualan nu diébréhkeun dina ieu panalungtikan téh diwatesan dina idéntifikasi masalah, nyaéta

- 1) Ragam basa dumasar panyatur dina Épisode ‘Adik Kakak Yang Lieur’ di Channel Youtube Fiksi Aunurofik.
- 2) Ragam basa dumasar undak usuk basa dina Épisode ‘Adik Kakak Yang Lieur’ di Channel Youtube Fiksi Aunurofik.
- 3) Wangun kecap ragam basa dina Épisode ‘Adik Kakak Yang Lieur’ di Channel Youtube Fiksi Aunurofik.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kasang tukang diluhur, rumusan masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun saperti dihandap.

- 1) Kumaha ragam basa dumasar panyatur dina Épisode ‘Adik Kakak Yang Lieur’ di Channel Youtube Fiksi Aunurofik?

- 2) Kumaha ragam basa dumasar undak usuk basa dina Épisode ‘Adik Kakak Yang Lieur’ di Channel Youtube Fiksi Aunurofik?
- 3) Kumaha wangun kecap ragam basa dina Épisode ‘Adik Kakak Yang Lieur’ di Channel Youtube Fiksi Aunurofik?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun maluruh jeung nganalisis masalah basa nu aya patalina jeung ragam basa dina episode ‘Adik Kakak Yang Lieur’ di *channel youtube* Fiksi Aunurofik, sabab sok ngagunakeun sababaraha ragam basa dina konténna, sarta basa kontén nu dipaké oge ngagunakeun basa Sunda.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun tina tilu hal, nya éta.

- 1) Wanda ragam basa panyatur nu aya dina episode ‘Adik Kakak Yang Lieur’ di *channel youtube* Fiksi Aunurofik.
- 2) Undak usuk basa ragam basa nu aya dina episode ‘Adik Kakak Yang Lieur’ di *channel youtube* Fiksi Aunurofik.
- 3) Wangun kecap ragam basa dina episode ‘Adik Kakak Yang Lieur’ di *channel youtube* Fiksi Aunurofik.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Ieu panalungtikan miboga mangpaat tioritis pikeun nambahan pangaweruh di widang sosiolinguistik minangka élmu basa nu miboga patali jeung makéna basa di masarakat. Salian ti éta, ieu panalungtikan ogé bisa dijadikeun référénsi pikeun panalungtikan satuluyna.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Ieu panalungtikan ogé miboga mangpaat praktis, nyaéta:

- 1) Pikeun lembaga, dosén, jeung panalungtik pikeun nambahan bahan panalungtikan dina widang linguistik hususna widang sosiolinguistik;
- 2) Pikeun mahasiswa, jadi référénsi dina pancén jeung panalungtikan sosiolinguistik hususna dina ragam basa; jeung
- 3) Pikeun masarakat, méré informasi ngeunaan ragam basa nu aya di masarakat.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu di handap mangrupa raraga tulisan dina ieu panalungtikan anu ngawengku lima bab.

Bab I Bubuka, eusina ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis, jeung raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori, Panalungtikan Saméméhna, jeung Raraga Mikir, eusina ngeunaan tiori-tiori anu digunakeun patali jeung ragam basa ngawengku wanda ragam basa dumasar panyatur, dumasar sipat kaformalan, ragam basa wangun kecap, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir.

Bab III Méthode Panalungtikan, eusina ngeunaan désain panalungtikan, data jeung sumber data panalungtikan, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik ngolah data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, eusina ngeunaan hasil jeung pedaran ngeunaan ragam basa dumasar panyatur, ragam basa dumasar sipat kaformalan, jeung ragam basa wangun kecap.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi, eusina mangrupa kacindekan jeung implikasi tina ieu panalungtikan sarta rékoméndasi pikeun panalungtikan saterusna.